Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2023-jılda Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda - JAÓ) kólemi ámeldegi bahalarda 32 916,1 mlrd. somdı quradı hám 2022-jıl menen salıstırǵanda 3,5 % ke ósti.

JAÓ deflyator indeksi 2022–jıl bahalarǵa salıstırǵanda 105,6 % ti quradı.

Ózbekstan Respublikası boyınsha JAÓniń qáliplesiwinde Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qosqan úlesi 3,1 % ke jetti.

## 2023-jılda Qaraqalpaqstan Respublikasında islep shıǵarılǵan jalpı aymaqlıq ónim






- JAÓ ósim páti
- JAÓ kólemi
- JAÓ deflyator indeksi
- JAÓge qosqan úlesi

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓniń islep shıǵarıw kólemi hám ósim pátleri

| | *Mlrd. som* | | ***Ósim pátleri,*** *Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te* |
|---|---|---|---|
| | *2022- jıl* | *2023- jıl* | |
| **I. JAÓ, jámi** | **30 117,6** | **32 916,1** | **103,5** |
| *sonnan:* | | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 27 758,8 | 31 333,7 | 103,4 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 2 358,8 | 1 582,4 | 104,0 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **27 758,8** | **31 333,7** | **103,4** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **8 252,5** | **9 512,7** | **104,1** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **8 902,1** | **9 504,7** | **102,4** |
| sanaat | 6 669,5 | 6 964,0 | 101,1 |
| qurılıs | 2 232,6 | 2 540,7 | 106,5 |
| **xızmetler** | **10 604,2** | **12 316,3** | **103,8** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 1 399,3 | 1 753,1 | 112,8 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 1 879,9 | 2 158,1 | 107,2 |
| basqa xızmetler | 7 325,0 | 8 405,1 | 101,2 |

Tómende keltirilgen infografikadan kórinip turǵanı sıyaqlı, xalıq jan basına esaplanǵan JAÓ 16 545,8 mıń somdı qurap hám bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 2,1 % kóbeygen.

## Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓniń kólemi
*(mıń somda)*

15 348,1 — 2022- jıl

16 545,8 — 2023- jıl

## Xalıqtıń jan basına esaplanǵan JAÓniń ósim pátleri
*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te)*

2022- jıl — 102,6 %

2023- jıl — 102,1 %

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓniń quramı
*(jámine salıstırǵanda % te)*

| | *2022- jıl* | *2023- jıl* |
|---|---|---|
| **I. JAÓ, jámi** | **100,0** | **100,0** |
| *sonnan:* | | |
| tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 92,2 | 95,2 |
| ónimlerge bolǵan salıqlar | 7,8 | 4,8 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **100,0** | **100,0** |
| **awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı** | **29,7** | **30,4** |
| **sanaat (qurılıstı qosqan jaǵdayda)** | **32,0** | **30,3** |
| sanaat | 24,0 | 22,2 |
| qurılıs | 8,0 | 8,1 |
| **xızmetler** | **38,3** | **39,3** |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 5,0 | 5,6 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs xızmetleri | 6,8 | 6,9 |
| basqa xızmetler | 26,5 | 26,8 |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍǴARÍLǴAN



2023-jılda aymaq ekonomikasınıń barlıq tarmaqlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi ulıwma JAÓniń 95,2 % in, ónimlerge sap salıqlar bolsa 4,8 % in quradı.

Esabat dáwirinde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵınıń JAÓniń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi 30,4 % ti, sanaat tarawı 22,2 % ti, qurılıs 8,1 % ti hám xızmetler tarawı 39,3 % ti quradı.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ quramı
*(jámine salıstırǵanda % te)*







*Jalpı qosılǵan qunı*   *Ónimlerge bolǵan salıqlar*

JAÓ ósiwine awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarmaǵı 1,1 p.p. (2022-jılda -0,9 p.p.), sanaat tarawı – 0,2 p.p. (2022-jılda - 0,1 p.p.), qurılıs tarawı - 0,5 p.p. (2022-jılda -0,5 p.p.) hám xızmet kórsetiw tarawı – 1,4 p.p. (2022-jılda – 2,2 p.p.) unamlı úles qostı.

Ónimlerge bolǵan salıqlardıń ósiwi esabına JAÓ - 0,3 p.p. (2022-jılda -0,3 p.p.)ke kóbeygen.

**2023- jıl uchın JAÓ ósiwinde tarmaqlardıń úlesi**
**(jámine** *salıstırǵanda % te)*



# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍǴARÍLǴAN



2023-jılda JAÓniń ósiwi aymaq ekonomikasınıń tiykarǵı tarmaqlarıdaǵı unamlı ósiw pátleri menen baylanıslı. Ósiw pátleri awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında 104,1 % (JAÓniń tarmaqlar boyınsha quramındaǵı úlesi – 30,4 %), sanaatta – 101,1 % (22,2 %), qurılısta – 106,5 % (8,1 %), xızmetler tarawında – 103,8 % ti (39,3 %) quradı. Xızmetler tarawı quramında ósiw pátleri sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 112,8 % (5,6 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs 107,2 % (6,9 %) xızmet kórsetiwshi basqa tarawlarda 101,2 % (26,8 %) ten ibarat boldı.

## JAÓniń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulıwma ósim pátleri *(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te)*

| 2022- y. | | 2023- y. |
|---|---|---|
| 4,0 % | JAÓ | 3,5 % |
| 3,4 % | Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 4,1 % |
| 0,5 % | Sanaat | 1,1 % |
| 7,3 % | Qurılıs | 6,5 % |
| 6,2 % | Xızmetler | 3,8 % |

# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM ISLEP SHÍĠARÍLĠAN

2023-jılda JAÓ deflyatori indeksi 2022-jıldaǵı bahalarǵa salıstırǵanda 105,6 % ti quradı. JAÓ deflyatori indeksiniń eń joqarı kórsetkishleri xızmetler tarawıda– 111,9 % hám awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵında – 110,7 %.

## JAÓniń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha deflyator indeksi

*(ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te)*

| | 2022- j. | 2023- j. |
|---|---|---|
| JAÓ | 112,8 % | 105,6 % |
| Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı | 113,4 % | 110,7 % |
| Sanaat | 108,4 % | 103,3 % |
| Qurılıs | 108,2 % | 106,8 % |
| Xızmetler | 113,3 % | 111,9 % |

2023-jılda kishi isbilermenlik 18 407,4 mlrd. som (2022-jılda – 15 483,5 mlrd. som). JAÓdegi úlesi 58,7 % ti (2022-jılda - 55,8 %) quradı.

Kishi isbilermenliktiń JAÓdegi úlesiniń ótken jılǵa salıstırǵanda ósiwi iri kárxanalar úlesiniń azayıwı menen baylanıslı.

## Kishi isbilermenliktiń kólemi hám JAÓdegi úlesi

*(jámine salıstırǵanda % te)*



| | Kólemi, mlrd.som | Úlesi, % te |
|---|---|---|
| 2022- jıl | 15 483,5 | 55,8 % |
| 2023- jıl | 18 407,4 | 58,7 % |

